



PENILAIAN HARIAN

Kelas/semester : 4 (Empat)/ 1 (Satu)
Pelajaran : Basa Sunda
Hari / Tanggal :

Nama :

Kelas :

RUP A- RUPA PAGAWEAN

Pagawéan téh rupa-rupa. Aya patani anu sapopoéna molah sawah jeung ngurus kebon. Aya deuih anu ngurus sasatoan pikeun diarah hasilna. Aya pamayang anu sok ngala lauk di laut. Aya padagang anu pagawéanana jual-beuli barang atawa balantik. Aya pagawé pabrik, supir angkot, tukang ojég, atawa buburuh jadi kuli kasar. Aya deuih anu pagawéanana sasapu meresihan jalan, disebutna pasapon.

Rék pagawéan naon baé, anu penting mah dipigawéna kudu ikhlas. Sakali deui kahadé, pagawéan anu kudu dijauhan téh nyaéta anu ngalanggar hukum, mana komo mun tepi ka matak ngarugikeun batur. Jalma anu kitu peta bakal meunang wawales atawa hukuman, boh di dunya boh di ahérat.

Pilih bener atawa salah pananya di handap dumasar bacaan di luhur !

1. Bacaan di luhur nyaritakeun tentang pagawean sapopoe Bener Salah
2. Dina bacaan di luhur nyebutkeun pagawean sapopoe aparat hukum Bener Salah
3. Istilah pagawean nu sok meresihan jalan disebut pasapon Bener Salah
4. Pagawean naon wae ge nu penting ikhlas jeung ngalanggar hukum Bener Salah
5. Pagawean guru teu disebutkeun dina bacaan. Bener Salah

Jodokeun eusi jeung pananyana !

Leumpang tong atuh, apan jalan téh lega.

Maman keur kana liang lélé di sisi balong.

Gawéna ngan matak horéam ngajawabna.

Kudu nurut ka lanceuk, apan indung bapa urang.

Pamayang mah geus biasa, indit ka lautna téh sok .

Peuting-peuting

gaganti

dudupak

kokodok

tatanya